Ризван Къурбанов, блоггерал ва "президент"
Зульфия Хlажиева
3

Ирга щолареца ран тарал банкал, щвезе мустахlикъал тун руго къварид
Патlимат Махlмудова
5



дандерижиязе да-дандерижи
"Миллаталда" ва поэтазда тlаса пикраби
7

Миллат

www.millat.ru

ДУЦА КЪУВАТАЛЪЕ РОРХУГЕ КВЕРАЛ, КУМЕКИН АХlДОЛЕБ БУГО МИСКИНЛЪИ
Р. Хlамзатов

№21 (21) 28 октябрь 2011 сон — МАГlАРУЛАЗУЛ ГАЗЕТА

Дагъистаналъул президент: коруппция, ришватчилъи ва гьелда сверухъ къеркьей

Иргадулаб «Миллат» газеталда кьолеб буго Дагъистаналъул президент Мухlамадсалам Мухlамадовасулгун гарачlвари.

Гьенир рорхулел руго республикаялъул политикияб ахlвал – хlалалъул, экономикаялъул ва республикаялда бугеб коррупциялда тlаса суалал.

редакторасул калам

Цlиял ва лъикlал харбал

ОАО «Курорты Северного Кавказа» гlуцlиялъ лъазарун рагlула Шималияб Кавказ лъикlаб рахъалдаса бихьизабулел цlиял харбал кьеялъул рахъалъ къецал (конкурс). Гьебги хlисабалде босун хlукму ккана дида рихьа-рагlарал лъикlал цlиял харбал хъвазе. Хасго гьеб рахъалъ гьарзалъи букlинарищ Дагъистаналдаса? Гьанире туристал ва инвестициял рачlиналъул мурадалда гьабулеб жо батула гьеб. Хlукму гьабуна хъвазе цlиял ва лъикlал харбал.

Махlачхъалаялда лъим букlинчlо кlиабилеб къоялъги, гулгуналъуб бугеб лъеца бер-кlал чурулаго цо гьаракьги бахъун чваххун бачlана лъим, хехго лъабго ведро лъел цlезабуна ва бокьанагlан, расги хlинкъичlого дицаго гьекъезе ва тlаде щварав гьоболасецин гlураб лъел нахърател гьабуна. Цо-цо чвердолел гlадамалцин ругин рагlана.

Гlахъушинскиясул къотlнор бакьулъа гlисинал накlкlил гъутlбиги чlун, кlийиде бикьун буго проспект, сверухъ маххул чали гlадаб жоги гьабуна мэриялъ, гlадамазги гlачи – бачазги мерхьичlого рукlине. Моцlидасаги заман букlана гьел гъутlби эхетун чlараб, щибаб къоялъ дир гордухъа валагьун чlухlулаан дун нижер къотlнор чlарал гъутlбуздаса. Цо къоялъ учхозалде сверулеб бакlалдаса тlаде вачlун цо мехтарав магlарулас "жигули" машинаги кьабун бегизабуна гъутlби сверухъ гьабураб чали, гъветl чlаго хутlун бугоан. Бижулеб бугищали лъаларо, гъветl буго гьениб жеги.

Тlоцебесеб классалда цlализе арав дир васасе школалъ азбукаялъулги хlисабалъулги тlахьал чlорого кьун руго. «Почемучка» журналалъухъги, ОМОНалъухъги, Хъистаман Мухlамадовнаялда гьаюраб къо баркизеги гурони бакlаричlо исана гlарац. Детсадалде яс йиччазе цогидазухъа моцlие анкьазарго босулеб бакlалда, Аминат абурай цо гlаданалъ дир ясалъухъ моцlие щуго гурони босичlо. Кlвар кьун ралагьани гlезегlан ругоан цlиял харбал, лъикlалги рукlинарищха гьел, гьездасаги квеш рукlине ресал ругелъул. Масала, араб сордо цониги кьвагьиги рагlичlо, бакъ щвезегlан кьижана, тlаде вахъун валагьарабго къалъун чlун бугоан ток, цебе-цебе къасиги букlунароан, гьанже къадцин ток букlарал хlужаби руго шагьаралда.

Имам Шамилил къотlнов цо гаишникас чlезавуна дун, техпаспорталъул болжал лъугlун бугин тlаделъун вукlана, гьанже чараги дарманги къосанаян цо Советский РОВДялда вугев гьудуласухъе ахlана. Гьев чиясухъе телефон кьеян буюрана гьудулас цlакъ гlамал кlодого, гаишникас гьесухъги гlенеккун, тlад буссун дихъе кьуна, гьудулас абуна:

- Мага, гьев вас дир гьудул вуго, нормальный вас вуго, чисто от себя гьабе, гьес виччалаян. «Чисто от себя» бахана щунусго гъурщиде, лъай – хъвай гlадинаб жо букlун гьечlо, гьелъ хьихьарал чагlи руго нилъ.

Цере рищиял тlоритlулаго гlемераб питна букlунаан, росабалъ гlарцул къандалъабигун тирулел чагlаз тату хвезабун букlана халкъалъул, гьанже тlалъиялъул гlакъилаб нухмалъиялъ гьелъие ахир лъуна. Гlадамазда депутатлъиялъухъ кандидатаз кигlан гlарац кьурабалицин лъаларо, хlадис гьечlищха кваранаб квералъ кьураб квегlалда лъазе тогеян, гьелда хадур рилълъараб къагlида. Гьеб босараб кверда гурони лъалеб батиларо кигlан кьурабали, жеги рукlуна гlадамал хlакимзабазухъа иман бахъун бугин. Жакъа нилъеда кандидатални кир, депутаталлъун щал рахъун ругелалицин лъаларо. Жидер бакlалда хlакимзабаца хlалтlи гьабуниги рази рукlунаро гlадамал, кидаго нунудилел.

Гьединал руго, хlурматиял туристал, Шималияб Кавказалъул Дагъистан республикаялда ахlвал – хlал. Нуж расги хlинкъичlого рачlа гьанире, бокьанагlан цlазе гьаваги буго, рии - хасел батlалъи гьечlого, къо гьоркьоб бахъун гьекъезе цlорораб лъимги буго. Хинаб хlажалъун батани, цадахъ кипятильникалги росун хlухьбахъизе рачlа. Гьаниб нужеда чанги интересаб жо бихьила. Дагъистан буго кутакалда инсанасул адаб цlунараб бакl, цо лага-черхги босун унеб джипазул рехьедалъги, гьеб цlунун цlадаре ине хlадурарал борхатаб лага – черхалъул гlолохъабазги, къватlиб хинго бугониги агъалда кlетlолеб норка гlонкlкlол тlомодаса гьабураб хъабарча ретlарал студенткабазги, «Даг – сила» - ян тlад хъварал нахъаса гьакибурдул рахчарал приорабазда рекlарал джигитазги, рохьилазги, магжилазги, сордо бащалъарабго бакl – бакlазда кьвагьиги бахъун кьолел фейерверказги гlажаибаб маргьабазул дунялалде рачина нуж. Хутlараб дунялалдаса батlияб, тlокlаб, цогидазда релълъинчlеб туристлъи хlажатавщинав чиясе рагьун руго каваби мугlрузул улка – Дагъистаналъ.

Васалам.

санагlат гьечlел суалал

Гь. ХlажимухIамадов. Россельхозбанк, хlукумат ва президентазулгун гьоркьорлъаби

Гьитlинамухlамад Хlажимухlамадов республикаялъул политикаялъулъе вачlана Мухlамадгlали Мухlамадовасул заманалда ва дагъистаниязда гьев лъала гьесул рахъ ккурав чи хlисабалда. Цевехун хlалтlана экономикаялъул министрасул заместителлъун, вице – премьерлъун, гьабсагlаталда нухмалъи гьабулеб буго Россельхозбанкалъе. Гьитlинамухlамад рикlкlуна республикаялъул тlалъиялда асар бугел политикиял къуватазул цоявлъун. Араб анкьалъ республикаялъул президент Мухlамадсалам Мухlамадов данчlвана Россиялъул Россельхозбанкалъул нухмалъулелгун ва къотlаби гьаруна Дагъистаналда хlалтlизе ругел инвестициязул программабазе гlарац Россельхозбанкалдаса биччазе. Гьелда хурхун ва цогидал политикиял суалазда тlаса «Миллат» газеталъул санагlат гьечlел суалазе жавабал кьолел руго Гьитlинамухlамад Хlажимухlамадовас.

БАНКАЛЪУЛ ХIАЛТIИ ВА ЭКОНОМИКА

— Гьитlинамухlамад, дида нужер банкалда хурхарал суалазул бицунаго цо киналалиго процентазул бицунеб рагlана, гьеб кин бичlчlизабилеб дуца?

— Ругоха босараб гlарцул процентал, гьеб дунялалдаго бугеб жолъидал банкалъул процентал…

— Гьезул бицунеб гьечlо дица, кредит босизе ккани кьолел процентазул бицунев вуго дун…

⇨2

Гь. ХIажимухIамадов. Россельхозбанк, хIукумат ва президентазулгун гьоркьорлъаби

⇨1 — Гьеб жо гьечIин абизе кIоларо, микьнусго чи хIалтIулеб банкалъул ситемаялда, гIемерисел гьел рукIуна цо-цо рацIцIадал гурел хIалтIухъабаз жидеца гьарурал законалда данде кколарел ишазухъ ришват боси. Ниж къеркьолел руго гьелда данде, нижер буго гIезегIан къуватаб, гьел суалазда сверухъ хIалтIулеб хIинкъи гьечIолъи цIуниялъул хъулухъ Москваялъе хIисаб кьолеб. Щибаб нижехъе щвараб баяналда рекъон гьабула цIех – рех, жеги цониги уголовнияб дело гьабураб хIужа ккечIо. Амма гьеб тIубанго гьечIин абизеги бегьуларо, щайгурелъул гIемерисеб мехалда ришваталъеги, коррупциялъеги кумек халкъалъго гьабулеб буго, жидее щолеб жоялъухъ закон хвезабизе тIамун. Ниж къеркьолел руго гьеб лъугIизабиялда тIад. Закон хвезабун кьураб щибаб кредиталда хурхун тIобитIула хъулухъалъулаб цIех – рех ва гIезегIан чагIи гьеб сабаблъун нахъеги ритIана. АнцIгоялдаса цIикIкIун нухмалъулел рахъана хъулухъаздаса гьел ва гьезда релълъарал суалал сабаблъун.

— Россиялъул Россельхозбанкалъул нухмалъулев хисана араб соналъ, кин бугеб гьоркьоблъи цIияв чиясулгун, ругищ данде кколарел суалал?

— КиналгIаги ричIчIуларел суалал гьечIо, дора гIемерал хъулухъчагIи хисана. Нижер руго ишалъулал гьоркьорлъаби, банкалъул хIасилазухъ ралагьун республикаялъул нухмалъулезги, Рссиялъул Россельхозбанкалъги хIажатаб щинаб чIезабулеб буго.

— Президент М.МухIамадовасулгун Россиялъул банкалъул нухмалъулезул данделъиялъул хIакъалъулъ кьуна РИА Дагъистаналъ, инвестиционниял программабазул бицунеб букIана, гьел нужехъе кколищ?

— Кинабго гьеб гIарац ине буго нилъер Россельхозбанкалъул филиалалдаса, дунги вукIана гьеб данделъиялда, гьениб бихьизабун буго ункъго инвестиционияб проект, гьеб гьоркьоб лъуна ва къабул гьабуна федералияб округалъги, экономикияб советалъги. Гьел рихьизарун руго кIвар бугел ва тIоцебесеб иргаялда гIумруялде рахъинаризе ккаразда гьорлъ (приоритетные проекты).

ГIезегIан кIудияб гIарцул къадарги бугоан гьениб. Метер Москваялъ хал гьабизе буго «Строймир» проекталъул, чIахIиял проектал тасдикъ гьарула Москваялъ.

— Мун нухмалъуде вачIиналъ хисараб жо щиб бугеб, банкалъул ва социалияб рахъалъ гIадамазул гIумру лъикIлъиялъе нужеда бараб жо бихьулищ дуда?

— Россельхозбанк буго республикаялъул аслияб инвестор. Дагъистан Россиялда банказул къадаралъул рахъалъ лъабабилеб бакIалда бугониги, Москва ва Петербургалда хадуб, гьанир гьечIо чIахIиял проектазе гIарац кьезе кIолел банкал. Дун вачIинегIан букIараб хIалалъул бицани, анцIила лъабго проценталдаса тIаде гIаммаб кредиталъул портфелалдаса рукIана проблемаби, тIад буссинаризе кIолареб гIарац, жакъа гьеб процент ккун буго 1,6 проценталде. Ниж руго Россиялда бищунго лъикIазда гьорлъ рикIкIунел филиалаздаса цояб, гIемерисел рихьизариязул рахъалъ тIоцебесеб кьерда. ГIицIго исана соналъ кьуна щуго миллиардалдасаги цIикIкIун гIарац кредиталъул…

— Чан букIараб лъагIалил кредиталъул портфелин абулаха гьелда?

— АнцIила анлъгоялдасаги цIикIкIун миллиард гъурущ. Дица нухмалъи гьабулеб ункъго лъагIалида жаниб цIикIкIинабуна микьгоялдаса анцIила щуго нухалъ, гIемерисел районазул ва шагьаразул муниципалитетазул бюджет нижедаса уна. Россиялда тIоцебесеб бакIалда буго допофисазул къадаралъул рахъалъ, цохIо ЦIунтIа район хутIун киналго районазда руго филиалал, бачIунеб соналъ гьенибги рагьулеб буго.

— Мун хIукуматалда вице — премьерлъун вукIарав чи хIисабалда абе, кин бихьулеб дуда республикаялда туризм цебетIеялъе нус – нус миллиардал реххи, гьеб дагъистаниязе ругьунаб гуреб пиша гьечIищ, дагъистаниялги туризмги цере тIамизе захIмалъулел руго.

— Щай захIмалъулеб, кинабго бараб буго шартIал гIуцIиялда, советияб заманалда Гъуниб турбазаялда бакI щоларого букIана кинабго улка. Дагъистаналъ къабул гьарулаан гIемерал туристал. ШартIал ва хIинкъигьечIолъи цIуниялъул суал буго аслияблъун, гьава-бакъалъул рахъалъ нилъер республика буго тIубараб лъагIелалъ туристал къабул гьаризе рес бугеб бакI. ХIинкъигьечIолъи цIуниялъул ва гьелда харж гьабураб гIарац тIад буссиналъул рахъалъ абизе кIоларо, гьеб букIина гьаниб бугеб ахIвал – хIалалда бараб. Щиб бицениги, дида ккола, аслияблъун Дагъистаналъе букIине ккола росдал магIишаталъул рахъ. Цере тIурал технологиял, переработка ва лъикIал шартIал хIажат руго росдал магIишаталъул рахъалъ, гьелъ лъикIлъизабила экономикияб рахъ республикаялъул.

— Нилъер республикаялда чанго миллионаз боцIи рагIула статистикаялда рекъон, щаялиго бюджет 80 проценталъ дотациязда буго ва гIумру лъикIлъулеб гьечIо.

— Гьеб статистика гIемерисеб гьересияб букIуна. Росдал магIишаталъул рахъалъ нилъер нухмалъиялъул аслияб гьалатI буго гIаммал магIишатал риххизе тей. СПКял, СПОКал, ОАОял, агрохолдингал цIар кинаб лъуниги цIунизе кколаан гIаммал магIишатал, нилъер гъутабазул ракьалги ругелъул, гьенир гIемерал дагIбадул суалалги раккана, ракьалги хвезарулел руго жакъа.

— Гьелъул батIалъи щиб, масала нижер росулъ гьаб сагIаталда колхоз букIараб мехалдаса цIикIкIун боцIи буго, гьеб гьан нилъерго базаралде унелъул?

— ГьабсагIаталда гIемерисеб боцIи буго кагътида, гьересиял кагътаздалъун дотациялги росулел руго, налогалги бюджеталде щолел гьечIо, росдал магIишаталъул гIаммаб хIалтIиги биххун буго.

ГIаммал магIишатал рукIаралани, гьел масъалаби рукIинароан. Гьеб рахъалде кIвар буссинабизе буго нилъеца тIадехун рехсараб инвестиязул программаялъ, проект буго «Дагагрокомплекс» гьелда хадур хасал ракьалги кьун гIуцIулеб. 90 процент КФХ ва ЛПХязул росдал магIишат бугеб мехалда экономика цебетIураб букIине рес гьечIо, хIажат руго чIахIиял проектал.

— Гьеб банкирлъи, шаргIалда рекъон, кIудияб мунагь бугеб жо рагIула, гьелъул рахъалъ щиб абилеб дуцаян цIехолеб буго цо цIалдолес.

— Нилъ руго гьабсагIаталда гIурус пачалихъалда жанир ва нилъее бокьаниги бокьичIониги хIалтIизе кколел руго улкаялъул конституциялда ва законалда рекъон, гьединлъидал рес гьечIо цохIо бусурманчиясул законалда данде ун шаргIалъул нухда хIалтIизе. Нилъеца шаргIалъул тIалабал тIуразе ккола гьелъие нух щолеб бакIалдаса. Гьедин босани, налог кьезе кколаро хIукуматалъе шаргIалда рекъон, закагIатги бахъун рукIине ккола. Налогал кьечIони киса кьелеб нилъее сахлъи цIуниялъеги, лъайкьеялъеги, нилъер пенсиялъеги пачалихъалъ гIарац. Банкалъул хIалтIи ва процентазда гIарац кьеялда шаргIалъ рибачилъи абула. Дун риба гьабулев гьечIелъул, риба букIина дир гIарац процентазда гьоркь рес къотIарав бусуманчиясе кьолеб бугони. Дица кьолеб буго пачалихъалъул гIарац халкъалъухъе, гьелдаса процентги бусурбабаз кьолеб буго пачалихъалъе. Дун вуго харжихъ хIалтIулев чи. Дир гIарац гурелъул кьолеб бугеб процентазда гьоркь.

— Мун бечедав чилъун рикIкIунищ дуца?

— Бечелъи буго чиясул жиндие щвараладаса разилъи, дун рази вуго Аллагьас дие кьураб рикъзиялда ва разилъиялдалъун борцани бечедав чи вуго.

— Дур харж кигIан бугеб?

— Ункънусиялда лъабкъоялда анцIазаргоялде гIагарула моцIрол харж премиягун цадахъ.

— Учителасдаса нусго нухалъ гурони цIикIкIун гьечIо, гьединаб харж кьуни бокьарав муъминчияс гьабилаан щукру.

— Щваралда щукру гьабизе лъай харжида бараб жо гуро. Цояв вукIуна миллиардал ругониги вакъарав, цогидас щукру гьабула рухI хвасарлъизе чадил кесек бугони, гьеб буго инсанасул рухIияб рахъалда бараб.

ХЪУЛУХЪАЛДАСА ИН ВА ГЬЕЛДА ТIАСА ПИКРАБИ

— Мун вице – премьерасул хъулухъалдаса нахъе ин гIезегIан сверухъ харбал тIиритIараб лъугьа – бахъин букIана, сундулъ букIараб бальголъи?

— ТIоцебесеб иргаялда, дир хъулухъалдаса нахъе ин дида бараб суал букIинчIо. Гьеб букIана мацIал гьарулел, президентасул гIинде шуршудулел чагIаз МухIуда дица гьесие квалкквал гьабулеб бугин бичIчIизабиялдаса араб жо. Амма живго МухIуца гьеб батIияб рахъалде сверизабуна, гьес абуна кIудиял проблемаби ругеб бакI бугин Россельхозбанк, гьениве ине ккола мунин. Банкалдаги букIана квешаб хIал, суал букIана гьаниб банкги къан Краснодаралъул филиал гьабиялъул. Дун вице – премьерлъиялдаса нахъе витIиялъул хIакъикъат лъалеб букIиналъ дица инкар гьабуна тIоцебе банкалда хIалтIизе. Суал букIана дун Москваялда цойги хъулухъалде иналъул, гьелда тIад хIалтIулев вукIана дун. Мунагьал чураяв инсуе цIакъ бокьичIо дун Москваялде ине, дуда лъалелъул магIарул чиясе инсул пикру щиб букIунебали. Дир гьудул вукIана Россиялъул росдал магIишаталъул министр Гордеев, гьесги абуна банкалъул нухмалъуде айилан. Гьаний хIалтIулей йикIана Лариса Донская директорлъун.

— Гьей МухIу ГIалиевасулгун дандбачIогойищ тун йикIана?

— ДандбачIого тун йикIана Москваялдаса, хадуб гьелда бичIчIизабуна Москваялдаса заместителлъун хIалтIеян. ГIемерисел мекъи кьурал кредитазда нахъа гьей ятарабго дица суал лъуна гьей тIубанго нахъе яхъизе хIалтIудаса ва гьей нахъе ана гьаниса.

— Цо суал бичIчIизе бокьун буго, мун вице — премьерлъиялдаса нахъе президентасе санагIат гьечIев чи вукIунищ витIарав, банкалъе нухмалъулев хIажалъунищ?

— СанагIат гьечIевин дица абилароан, дица ракIбацIцIадго тIубазабулеб букIана хIалтIи ва дица нухмалъи гьабулел отраслязда лъалеб цебетIей букIана, хIалтIуда хурхун бадибчIваялги рукIинчIо. Дица цониги гали гьабичIо МухIул президентлъиялде дир рокьукълъи ва рази гьечIолъи загьир гьабураб. БукIун батила цониги дида лъалареб гIилла, яги гIинде шуршудулел чагIи.

— Мун МухIамагIалил командаялъул чи абураб жо букIун батизе рес бугелъул.

— Гьеб пикру дида тасдикъ гьабизеги яги гьереси гьабизеги кIоларо, батизе рес буго.

— МухIу жо кIочонарев чи вукIанин абула гIемераз, цебехун гъов спикер вугеб мехалда букIанищ дандеккунгутIи?

—Киданиги букIинчIо дандеккунгутIи ва жакъа гьечIо.

— МухIамагIалилгун ва васасулгун гьоркьоблъи киса ккараб, гьелгун мун цIакъ рекъон рукIараб къагIида политикаялъул хал гьабурабго?

— Дун политикаялде вачана МухIамагIалица, экономикаялъул министрасул заместителлъудаса гъос дун ахIана Набиюла МухIамадов пенсиялде арабго гьесул хъулухъалда хIалтIизе вачIаян. МагIарулал руго бищун кIудияб миллат, дагьалищ рукIинел нилъер лъай бугелги иш бажарулелги чагIи, амма гьес дун тIаса вищана ва щибаб къоялъулаб хIалтIуда кверчIвайги, кумекги гьабуна. Гьеб буго гIаданлъи ва божилъи диде гьабураб ва гьеб чиясда кIочене бегьуларо. Дица жакъаги хIурмат гьабула гьесул ва гьесул хъизамалъул, лъималазулгунги гьоркьоблъи гьениса ккараб буго.

— ГIемерисел МухIамадгIалил командаялъул чагIи хадур МухIул рахъалде кIанцIана ва гъосдаса рикIкIалъана, гьелда щиб абилеб, яги гьеб политикаялъе хасиятаб жойищ?

— Жакъа мунгун вугев чи хъулухъалдаса арабго рикIкIад гьарулел чагIи гIадамал гуро, гIакълугун яхI бугев чияс гьединав чи аскIовеги виччаларо, метер дуеги хиянатлъизе бегьулелъул гьев. ГIезегIан

ратана МухIамадгIалида сверухъ-ги гьединал чагIи, жакъа килщал хIанчIулел, тавбу гьабулел руго. Цо хIалалда вукIине ккола бихьинчи, хисардичIого, жиндир ишги гьабун. ВачIанщинасе палугьанлъи гьабизе лъугьани, цо къоялъ вортула кваридаса тIад вуссин гьечIеб хIалалъ. ГIемерал рукIана МухIуда сверухъги гьединал.

— Налогазул инспекциялъул нухмалъуда Радченко витIун вачIарабго мун гьесда данде чIаразда цадахъ вукIана, сунца тIамурав мун МухIу ГIалиевасул рахъ кквезе гьеб суалалъулъ, президент магIарулав вукIиналъищ, яги цойги гIиллаялъищ?

— Дица доб къоялъги жакъаги рикIкIунеб буго президентас республикаялъул жаваб кьолеб батани, гьесулгун дандбазе ккола Москваялъ кинаб бакIалда щив хIалтIизе вугевали. Гурони гIадлу букIунаро республикаялда, гьениб дица президентасул рахъ ккуна ва рекIекъав гьечIо гьелдаса. Радченко кинабгIаги Дагъистаналъулгун гьоркьоблъи гьечIев чи вукIана.

— ПрезидентлЪун вахьизе хиял лъолищ дур, инсан гIорцIичIеб жо бугин гIарацги властгиян абула?

— Гьединал къасдал дир рукIинчIо ва дица гьел загьир гьаричIо киданиги. ВукIана дун Кремлиялъ президентлъиялде хIадурлъулезда гьорлъги, ахIунги вукIана дове гара – чIвариялъе президентасул администрациялде. ХIукму гьез гьабулелъул ва дир хъулухъ бокьиялда ва бокьунгутIиялда бараб жо гьечIелъул. Щивав чиясда тIадаб буго жинда цебе лъураб хIалтIи ракIбацIцIадго тIубай. Нилъер гьанир гIемерисел руго цо хIажатхана барабгIан хIалтIиги гьабичIел, президентлъиги бокьарал.

— Д. Медведевасухъе Дагъистаналъул президентлъиялде кьураб сияхIалда гьорлъ щив вукIарав мустахIикъав чи?

— Щивниги вукIинчIо МухIамадсалам гурони.

— Щай? М.МухIамадов – Смоленскиялдаса сенатор, лъилниги гьечIеб гIадаб биография – меседил медалалда школа, багIараб дипломалда МГУ, МахIачхъалаялдаса вачIарав учителасул васас пачалихъалъул цониги хъулухъалда хIалтIичIого миллиардал долларазул бечелъи данде гьабуна жиндир бетIералъ, гьесул эмен республикаялъул бетIер вукIинчIо…

— Дун рази вуго гьеб пикруялда, М. МухIамадов хIакъикъаталда чIагояв ва цеве тIурав чи вуго, амма цохIо рахъ буго гIолареб – республикаялда дагь гурони вукIинчIолъи, гьаниб жаниб бугеб хIал лъазе ккола. МухIамадсаламил тIокIлъи буго гьел кандидатазда гьорлъ - тIоцебесеб иргаялда гьесул буго политикияб хIалбихьи, парламенталъул депутатлъун, хадув спикерлъун хIалтIана. ГIумру гьабун республикаялда вукIана, лъикIго лъала жанисеб ахIвал – хIал. Экономикиял гIелмабазул доктор, гIумрудулъул битIун завалалда вугев чи, лъалареб жо малъизе эмен нухмалъуда вукIарав чи. Кинабго рахъги босун гьабун батила Москваялъ хIукму ва дица гьеб рикIкIуна битIараблъун.

— Гьев тIамиялъулъ живго МухIамагIалил асар букIанищ?

— Гьосул Кремлиялда букIараб къадру, цIар, гьелъ кумек гьабун батилин ккола, жанисеб кухня лъалаpo щиб букIарабали.

— Гьов Д.Козакилгун Починокил справкаялда гIемерал гIунгутIабиги рихьизарун, гьаниб бикъараб гIарцул хIакъалъулъ прессаялдаги бахъун хадув ун вукIана нахъе, гьелдаса хадубги букIунищ къадру Кремлиялда?

— Гьел киналго справкаби рукIана политикиял къуватаз гьов нахъе витIиялъе заказ гьарурал жал, гIунгутIаби рукIана, гьоз хъвавухъе рукIинчIо, ругелги цо – цо министразул ва правительствоялъул членазул гьалатIал, МухIамадгIалил иш букIинчIо гьениб.

— МухIуги гьос хъулухъалда ккезавунин абилищ дуца?

— МухIу нусабго проценталъ МухIамагIалица тезавуна президентлъун, гьениб щаклъизе бакI гьечIо.

— Дир хIисабалда, МухIу В. Путиница вихьизавун хадув разилъун ватила МухIамагIали гьев виччазе, батIияб рес хутIичIеб мехалда.

— Дида лъалеб бакIалдаса Москва гIенеккана МухIамагIалихъ МухIу теялъул суалалъулъ, дида гIезегIан лъала гьениб букIараб жо. МухIул я республикаялда, я Москваялда рукIинчIо гьесул рахъалъ рагIи абизе ва президентлъун тезавизе чагIи. МухIамагIалил рагIул кIудияб цIайи букIана Москваялъе.

— Хадур щай гьос МухIамадгIалил чагIи ва гьесул вас нахъе реххарав МухIамадгIалица тун вукIун ватани?

— Гьеб суал дуца МухIуе кье.

— МухIамадгIалилгун данде кколароан Сайгидпаша ГIумахановасул, васасулгунги хинлъи рагIичIо, дур кинаб бугеб гьосулгун гьоркьоблъи?

— ЛъикIаб, киданиги дир гьосулгун гьоркьоблъи хвечIо, хIукуматалда вице – премьерлъун вугеб мехалдаги дица гьов гьудуллъун рикIкIунаан, жакъаги ниж лъикI руго. Сайгидпашалгун МухIамагIалил гьоркьоблъи дихъе кколеб суал гуро, нижер щивасул буго ихтияр жиндирго пикруялъе. МухIамадсаламилгун гьосул гьоркьоблъи гьабсагIаталда квешаб гьечIо, президентас гьосие республикаялъул бищунго тIадегIанаб шапакъатги кьуна шагьаралъул юбилеялда. Дир пикруялда, гьел цоцада ричIчIун руго ва гьедин лъикI республикаялъе. РукIана суалал Сайгидпашаца рорхулел силовой структурабаздаса магIарулал ун ругин, кадровияб политика мекъаб бугин абурал, гьел киналго суалал руго ритIарал, амма дида мухIканго лъала гьел чагIи Москваялъ президентасда дандбачIого тарал рукIин. Гьосие бокьун букIана миллатазул ращагольи гьабун тIамизе. Гьеб ахIвал – хIал хисизабилин ккола, аслияб жо президентасда бичIчIулеб буго кадровияб политикаялда миллияб ращаголъи цIунизе ккей.

— Балагьараб мехалда магIарулал гурони гьеб ращагольиялда хадур лъугьарал чагIиго ратулел гьечIо, нилъерал лъугьуна интернационалистлъи гьабизе.

— Дагъистаналда киналго нухмалъулез гьабула гьеб, гьабичIого гьечIо, амма нилъеца, магIарулаз гьеб рахъалъ мисал бихьизабизе ккола кIудияб миллат хIисабалда. КIудияб миллат гIисинлъизе рекъон букIунаро.Нилъ тIадегIан рукIине ккола миллиял сулаздаса.

— Тарихалда лъалкI тарал, машгьурал чагIигун дандчIвазе рес букIарабани, щивгун дандчIвазе бокьилаан?

— Щакльи гьечIого абила бокьилаан имам Шамил вихьизе, лъица щиб биданиги Шамил нилъее вуго киналго гIасрабазе магIарулаз мисаллъун. ГIелмуги, гIакълуги, бахIарчилъиги, лебаллъиги къанагIат гурони цадахъ дандчIвалярел гьунарал цольарав ва тарихалда нахъе унареб лъалкI тарав чи вуго имам Шамил. Вихьизе бокьилаан ГIабдурахIман Даниялов ва гIенеккизе бокьилаан гьосухъ. Дица гIемер цIалана гьесул хIакъалъулъ, жакъа цо –цоял гьосде хьвагIола, амма Даниялов вукIана хIакъикъияв патриотги, лъикIав гIуцIарухъанги, ккаралъув бихьинчиги. КъоабилеБ гIасруялда рукIарал дагъистаниязда гьорлъ мустахIикъаб бакI ккола Данияловас нилъер тарихалда.

онлайн-конференция

◆ Зульфия ХIАЖИЕВА

Ризван Къурбанов, блоггерал ва "президент"

Электроннияб хIукумат гIуцIун, интернеталдасан халкъалъул суалазе жавабал кьун, хIалтIул къагIида хисизабизе некIого заман щун бугилан улкаялъул президентас балеб ахIул хIасилдайин ккана гьал къоязда фейсбукалда далараб баян. Цее РГВКялда хIалтIулей йикIарай, гьанже Лондоналде ун чIарай журналист Зарема ХIасановалъ лъазабулеб бугоан интернеталдасан президент МухIамадсалам МухIамадовасулгун онлайн-конференция гьабунилан.

Суалалги гIезегIан багьилал кьун ругоан гьесие. Масала, **дур инсуе пенсия кигIан щолеб?** (лъаларин, нусазарго гьургущгIаги батилин жаваб кьолеб бугоан президентас) **Мун армиялда вукIанищ хъулухъ гьабулев?** (гьелъие кьураб жавабалда бер чIвачIо) **Щиб ракIалде ккун мун президентлъун вахъарав?** Гьаб ахирисеб суалалда бан президентас абулеб бугоан 2009 соналда къватIибе бачIараб декларациялда цIалун батилин нужеца - жиндие моцIие щолеб хайир гIицIго 9 азарго гьурщиде гурони бахунароанин, гьединльидал, хьизаналъул кIудияв хIисалда, гьеб рахъ битIа-бишизабизе ракIалде ккеялъ гьабураб ният бугила жинца президентлъун вахьине. Хадубги, гIарцул суал баккидал, нилъер президентас Рамзан Къадировасулъ дагIба балеб бугоан живго гьавураб къоялде гьес гIадин Суонк абулей гIаданги ахIун, миллион кьезеги рес гьечIила жиндир.

ГIемер йиххиялъ цо хIухьлада цIаланин абизе бегьула дица гьеб онлайн-конференциялдаса макъала. МакьилъгIицин гуродайнги ккун, тIадтIадгицин юссана дун гьелде. Амма ахирги Заремацайищ яги цогидал журналистазищали копоего ургъараб жо гьеб бугеблъи бичIчIидал, дир букIараб ракIхвей лъалебаниха нужеда…

«Президентасулгун конференция» хисун гьебго сордоялъ фейсбукалда тIобитIун бугоан хIукуматалъул вице-премьер Ризван Къурбановасулгун пресс-конференцияги. Аслияб гара-чIвари рохьор чIарал гIолохъабаздаги ришватчилъиялдаги тIасан бугоан. Масала, Ханжан Къурбановас гьикъулеб букIана вагьабиязул сияхIазул хIакъалъулъ. 90–абилел сонازда цере ккара-ккарал чагIиги рехсон гIуцIарал гьел сияхIал жакъа къоялдаги рукIахъего тун руго, гIияда бараб гIуж кинигин, «вагьабиял» абураб тIокIцIаралъ цIакъ квалквал гьабулеб буго гьединал чагIаз хIалтIуде лъугьунелъулги цогидал мехалдаги. МухIу ГIалиев президентлъун вугеб мехалъго букIана гьел сияхIал хисизариялъул хабар. Цеве ватарав наркомангун гьекъолдухъангицин вугин нужеца гьеб сияхIалда къазавун, кинал багьабиялин рукIунел какгицин баларел чагIиян гьикъулеб букIана М. ГIалиевас милициялда. Гьелдаса нахъеги щибго хис-бас ккечIеб къагIидаха. Амма республикаялда гьединал сияхIал гьечIин рикIкIунеб бугоан вице-премьерас. Хадур чIун полициялъ гIакъуба кьолеб батани, хас гьабун жинда лъазабейила. Гьебго жо жинца Котровасул къотIноб бугеб мажгиталъул дибирасдаги лъазабун букIанила, амма гIарзалъ жиндихъе жеги щивниги ваккичIин бицана Р. Къурбановас.

Гульнара Жамаловалъ кьураб суалалъе гьес гьабураб жаваб тIубан бичIчIизе кIвечIо. Гьелъ гьесда гьикъана гьал къоязда РФялъул президент Д. Медведевас гъулбасараб законалъул хIакъалъулъ. МуниципалияБ гIуцIиялъул нухмалъулес хъулухъалде жиндир хьизан-лъимал, гIагарал чагIи росизе гьукъараб закон ккола гьеб. Гьелда бан Р. Къурбановасул пикру гьадинаб буго. Гьелъие цо ккураб хIукму къотIизе бажарударила. ЩайгурелЪул шахтеразул, летчиказул, рагьулал хъулухъчагIазул хьизаназдаса лъималаз, яги гIагарал чагIаз ирсалъе цоцахъе жидерго махщел кьей цIакъ беццулила нилъеца, чиновниказ гьебго жо гьабизе лъугьиналъин абуни ццим бахьинабулила нилъер. Валлагь, ракьул чохьонисан тIурччи бахъулаго шахтерасул васасда бихьулебгIанасеб къо нилъер аниб «бюджеталъул мохмох бухулев» дадал нухдасан унев васасда бихьулеб букIарабани, лъоронир лъунгицин хьизе рекъарал рукIинароанищха «гьединал ирсилал». Д. Медведевас щиб биданиги, гIадатлъун лъугьараб тухумчилъиялдаса инкар гьабизе щакаб буго нилъеца. Хъулухъ кодоса унгутIиялъе хьизан-лъималазда хурхарал документазе бокьараб хIилла ургъизеги рес буго тIадчагIаз.

Proxodimez абулев блоггерас вице-премьерасе кьезейин цереккунго ракIарарал суалал рихьичIелани, батIаго квешаб гара-чIвари букIун гьечIинги ракIалде ккезе бегьулаан. Масала, батIи-батIиял блоггераз ритIун рачIарал суалал рукIана **ГТРКялъул председательлъун вукIарав ХIажи ГIабашиловги цогидалги чIварал чагIи ратулел ругищин, Максим Шевченко РФялъул ЖамгIияб палатаялдаса нахъе рехиялда бан дуца щибин абилеб, салафитал муфтиятальул хIалтIуда гьорлъе къазе риччазе бегьулищин, исана риидал тIобитIараб праймеризалъул хIасилалда рекъон, машгьурлъиялъул рахъалъ хIукуматалъул нухмалълев М. ГIабдулаев 28 бакIалда вугин, мун, гьесул заместитель, щуабилеб бакIалда вугин, гьельул магIна щибин абун.**

Амма гьезул гIемерисезде ирга щун гьечIо. Ирга щварал цо-цо суалалги церего чIамун лъугIарал гIадал жал ругоан. Масала, лъида лъалареб гIарац кьечIого Дагъистаналда инвалидность гьабулареблъиги нилъ ришватазуль тIерхьунел рукIинги.

МоцIалъ цере факсалдасан ритIарал гурони, батIиял суалазе жавабал кьезе бажарударел цо-цо тIадчагIазда дандеккун, интернеталдасан блоггеразулгун гара-чIвари гьабизе вахъарабги гIела, цо рахъалъ, Ризван Къурбановасе. Амма кигIан цIаланиги эхебхун инчIо гьеб онлайн-конференциялъул ккараб хIасил: гьанжельагIан нильеда лъалареб щиб жо гьениб якьинлъараб яги, ИсмагIил ГьазимухIамадовасул гьари хутIизегIан, чIванкьотIун кинаб суал тIубазе вице-премьерас жиндаго тIаде босарабали. ИсмагIилица гьесда гьарулеб бугоан ЦIумада районалъул Къеди росулъа Пашикъов МухIамад къабул гьавеян. ХIукуматалъул чагIаздаса ракIбуссарал гьеб росдал гIададамал (данде гIарацги рехун) жалго лъугьун рагIула машина бачIунеб нух къачIазе. Амма харабазул пенсиялъухъ нухлул 10 километра къач1ан рагIа-ракьанде щвей щакаб жо буго. Ризван Къурбановас рагIи кьуна Къедиса МухIамад къабул гьавизе. Хас гьабун диего гьеб хIужаялъ асар гьабунин абизе бегьула.

Лъаларо, видеоялде бахъараб гьеб онлайн-конференция батIияб батизеги рес буго.

Сервис гьечIони, туризмги букIунаро

«Североияб Кавказалъул курортал» компаниялъул нухмалъулев Билалов АхIмадица абуна КIудияб хIукуматалъ квербакъизе кколин Северияб Кавказ цебетIезабиялъе. КIудияб хIукумат ккола жамгIиял хIаракатчагIи, бизнесменал, журналистал гъорлъе унеб жамгIияб комитет. Гьеб комитеталда гъорлъе унел цо-цо чагIи хIакъикъияб хIукуматалдаги хIалтIизе ругилан абуна РФялъул президент Медведев Дмитрийица. Амма гьел хIалтIизе руго «Единая Россия» партия рищиязда бергьани.

ГьединлъидаI Северияб Кавказалда гIумруялде рахъинарулел инвестициялъул проектал гьел чагIазда лъикIаб бералдалъун рихьизаризе жувана Билалов АхIмад.

Медведевас гьал къоязда Горкиялда бугеб жиндирго резиденциялде ракIарана гьел чагIи. Гьенив вукIана Билалов АхIмадги.

«Россиялда чанги буго хIукуматалъулги инвесторазулги кумекалдалъун бильъанхъизабулеб инвестициялъул проект. Амма законазда рарал гIиллабаз гьел хIинцго гурони церетIолел гьечIо – гIемерисеб мехалда батIи-батIиял министерствабазда гьоркьор бахIсал кколел руго. ГьединлъидаI доб КIудияб хIукуматалъ инвестициязда хурхарал законал рорхизе къваригIун буго, - ян абуна Билаловас. - Кавказ какулел чагIи камулел гьечIо, амма гьез загьир гьабулеб гьечIо Кавказалда ругел масъалаби тIураялда тIасан жидерго пикру».

А. Билаловас рикIкIунеб буго гIицIго бюджеталдасан яги цогидаб бакIалъан биччалеб гIарцул къадар цIикIкIиналдалъун тIураларин Северияб Кавказалда ругел масъалаби. Гьединлъидал, Северияб Кавказалда курортал разе гIемерисеб мехалда хIалтIизабула хIукуматалъул гуреб, инвесторазул гIарац.

Северияб Кавказалда туризм цебетIезабиялъе гIарац биччалеб буго Франциялдаса, Австриялдаса, Германиялдаса компанияз. Амма Россиялъул пачалихъиял банказ лъикIал шартIал чIезарияль биччалеб гIарац ккола гьезги гьеб. Кинаб букIаниги гIиллаялдалъун инвесторазул гIарац гIадада хвани, гьезие гьеб банказ бецIизе буго.

Цодагьалъ цебе Россиялъул хIукуматалъ хIукму гьабуна 2025 соналде щвезегIан Северияб Кавказ цебетIезабиялъе 5,5 трлн гъурущ биччазе. Гьеб бихьизабун буго хасаб пачалихъияб программаялда.

Амма Россиялъул финансазул министерствоялъ инкар гьабун букIана Северияб Кавказалъе гьебщинаб гIарац биччазе.

Экономика цебетIезабиялъулги финансазулги министерствабазда кIвечIо Северияб Кавказ цебетIезабиялда тIасан цо пикруялде рачIине. Амма кин букIаниги, Россиялъул хIукуматалъ хIукму гьабуна гьеб программаялъул суал парламенталъул дандеяьиялда борхизе. Жеги мухIканго лъалеб гьечIо, гьеб суалалда тIасан чIванкъотIараб хIукму Пачалихъияб Думаялъ кида загьир гьабулебали. Амма къабул гьабичIого гьеб программа теларин рикIкIунеб буго экономистаз, щайгурелъул гьеб суал экономикаялда гуребги политикаялда хурхарабги буго.

2025 соналде щвезегIан Северияб Кавказ цебетIезабиялъе биччалеб 5,5 трлн гъурущида гьоркьосан 2 триллионгун 600 млрд гъурущ биччазе буго федералияб бюджеталдаса. ХутIараб гIарац балагьизе буго инвесторазухъа. Гьединал инвесторалльун рихьизаруна Роснефть, Газпром, ФСК гIадал пачалихъиял компаниял ва корпорациял. ГьединлъидаI, абизе бегьула 2025 соналде щвезегIан Северияб Кавказ цебетIезабиялъе биччалеб кинабго гIарац пачалихъияб бугилан.

Северияб Кавказалда туризм цебетIеялъе хIажатаб чанги масъала тIубазе ккола цин. Мисалалъе, хIинкъи гьечIолъиялъул суал.

Цогидал улкабазда хIухьбахъизе рачIунел гIадамаз тIоцебе ургъел хIинкъи гьечIолъиялъул гьабуларин абуна гьал къоязда СКФОялда вугев РФялъул президентасул вакил Хлопонин Александрица. Гьес рикIкIунеб буго туристаз тIоцебе ургъел сервисалъул гьабулилан.

Хлопониница абуна журналистазе Кениялдаги Эфиопиялдаги хIинкъи гьечIолъиялъул рахъалъ хIал лъикI гьечIониги, гьенире хIухьбахъизе рачIунел туристазул къадар санайидаса санайиде цIикIкIунеб бугилан.

Ессентукиялда гьал къоязда Хлопониница къураб пресс-конференциялда журналистаз борхана Кавказалъе гIемер гIарац биччалеб бугилан абураб суал.

— Гьединал суалал цоцо политиказ ургъунго рорхулел руго. Бюджеталъул политикаги лъачIого тIаса бищун Кавказалъе гIезегIан гIарац биччалеб бугин аби гьереси ккола. Сибирь ва Дальний Восток цебетIезабиялъул программазда гIарац жеги цIикIкIун бихьизабун буго. Гьелги Россиялдаса ратIа тIезареян ахIи банани, улкаялда цохIо Москва хутIизе рес буго, - ян абуна Хлопонин Александрица.

Туризмалъул рахъалъ хIинкъи гьечIолъи чIезабиялъул суалалда тIад хIалтIулел ругилан лъазабуна «Северияб Кавказалъул курортал» пачалихъияб корпорациялъул нухмалъулесул заместитель Мурзагулов Ростиславица.

Гьелъулъ нилъее квербакъи ГIизраилалъул генерал Мики Левица гьабизехьин рагIула. 2004 соналдаса байбихьун гьес хIинкъи гьечIолъи чIезабулаан Иерусалималда. Гьев гьеб хъулухъалде тIамизегIан ункъо соналъ цебе шагьаралда чанги теракт ккана, азаридаса цIикIкIун гIадамалги хвана. 2004 соналдаса хадуб Иерусалималда ккана цохIо теракт, нахъчIвана анцIила хадуб теракт.

Туризмалъулъ хIинкъи гьечIолъи кин чIезабилебали бицунелъул туризмалда хIалтIулел специалистазул суалги борхизе кколин рикIкIунеб буго экспертаз.

Москваялда бугеб туризмалъул ва сервисалъул пачалихъияб университеталъул ДагъистаналдаI аспирант МикагIилова Мадинаца бицана «Миллаталъе» Дагъистаналда туризм цебетIезабизехьин ратани, туризмалда хIалтIулел специалистал хIадуризе цIалул бакIалги рагьизе кколалан:

— Сервисилан абураб жо нилъеразе цIияб рагIи ккола. Чанцlулго рихьана МахIачхъалаялда рестораназда хъачIго кIалъалел официантал. Туризм цебетIезабулеб батани, сервисалда тIадги ургъичIого гIоларо. Гьединал специалистал хIадур гьарулел цIалул бакIал гьечIо Дагъистаналда. Руго туризмалъул университетазул филиалал, факультетал, амма гьениб букIунеб къагIидаялъ лъай кьолеб гьечIо.

Пачалихъалъ Северияб Кавказ цебетIезабиялъе триллионал риччалел ратани ва экономикаялъул аслияб бутIалъун туризмги рикIкIунеб батани, гьеб бизнесалда хIалтIулел специалистал хIадурулеб цIалул хасаб бакIалда тIадги ургъизе ккола.

> **!** **ЧанцIулго рихьана МахIачхъалаялда рестораназда хъачIго кIалъалел официантал. Туризм цебетIезабулеб батани, сервисалда тIадги ургъичIого гIоларо. Гьединал специалистал хIадур гьарулел цIалул бакIал гьечIо Дагъистаналда. Руго туризмалъул университетазул филиалал, факультетал, амма гьениб букIунеб къагIидаялъ лъай кьолеб гьечIо.**

P.S. Северияб Кавказалда щуго курорт базе буго 15 млрд доллаpалъухъ. Гьелда гьоркьоса 272 млрд гъурущ кьезе буго хIукуматалъ, 119 млрд гъурущ - инвестораз.

Саунаялде гьужум

Диналда дандекколареб бизнесалде гьужум гьабиялъул хIужжаби цIидасан халлъана Дагъистаналда. Гьелъие гIайибияллъун низам цIунулез рикIкIуна изну гьечIого яргъид гIуцIарал. ГIолилазда гьоркьор гьел ишазе лъикIаб къимат кьолеб буго.

Гьал къоязда Хасавюрталда лъабго чи кIанцIун вуго саунаалде. Гьелъул администраторги юхун, гьез цIа гъун буго гьениб.

Администратор больницаялда йиго. Гьелъ бицана гьурмал рахчарав лъабго чи вачIанин радал саунаалде. Гьезухъ яргъги букIанила.

Россиялда экстремизмалъулин рикIкIунел сайтазда гьеб лъугьа-бахъиналда сверун щибго хъван гьечIо.

Дагъистаналда саунаби хъахIбалъиялъе квербакъулел бакIаллъун рикIкIуна. Гьебго гIадин Ислам-диналда данде кколарел цогидал бакIазеги зарал гьабурал чанги лъугьа-бахъин ккана республикаялда.

Саунабазде гьужумал цереги гьаруна Дагъистаналда. Бищунго ахIи-хIур бахъинабураб лъугьа-бахъин ккана 2009 соналъул 13 августалда. Гьеб къоялъ Буйнакск шагьаралъул авалалда бугеб сауналда изну гьечIого яргъид гIуцIараз чIвана гьенир хIалтIулей йикIарай лъабго чIужугIаданги, гьелгун хIухь бахъулел ратарал полициялъулалги.

Саунабазул ва тукабазул хважаинзабазего гIадин хIинкъи кьолеб буго палихъабазги.

Гьаб соналъул байбихьуда Хасавюрт мухъалъул ЦIияб Сасикь росулъ чIвана палихъанлъи гьабулел эбелги ясги.

Гьединго изну гьечIого яргъид гIуцIарал гIадамал кIанцIун рукIана хIалел автоматазул заладегун казиноздеги.

Гьоркьисалаги исанаги Дагъистаналда тIиритIизарун рукIана «ЖамагIат шаригIаталъул моджахедазул лъазабиял» абурал тIанчIал. Гьениб хъвалеб букIана жал «шайтIабазул» бизнесалде данде рагьизе ругилан.

Гьез лъабго къо кьуна палихъабазе, хIалел автоматазул, саунабазул ва гIаракъи бичулел тукабазул хважаинзабазе жидерго хIалтIи чIезабиялъе. ГIемерисез гьезул лъазабияздаса хIинкъун кьана саунаби ва тукаби. Амма цо-цояз "моджахедазухъ" гIинтIамичIо.

Гьеб ишалъулъ изну гьечIого яргъид гIуцIаразул рахъкколел руго гIадамалги. Аслияб куцалда гьел интернет-форумазда ратула.

Хасавюрталда гIумру гьабулев ГIумаров Мурадица «Миллаталъе» бицана шагьаралъул гIолилазе реклее гIолеб бугин сауналде тIаде кIанцIи:

«Гьел хIужжабаз гIадамал хIинкъизарулел руго. Амма гьел квагьдеязе лъикIаб къимат кьолелги камун гьечIо. Мисалалъе, Одноклассники. ру сайталда бугеб «Хасавюрт» абураб къокъаялъул формулада гIемерисел гIолилаз хъвалеб букIана гьединабго гьужум цогидал саунабаздеги гьабизе кколилан. Гьединаб пикруялъул рахъ кколел гIолилал гIемерлъулел руго. РакIалде ккола дагьалъ хутIулеб бугин гьел такъсирал гьарулел чагIазул гьез адаб гьабизеги. Амма гIолилазул рахъалдасан буго гьездехун гьединаб берлалагьи».

Гьал къоязда интернеталда цIидасан баккараб добго «ЖамагIат шаригIаталъул моджахедазул лъазабиялда» гьанжесалъ рехсон руго полициялъул хIалтIухъаби.



Гьумер хIадур гьабуна Закир МухIамадовас

Ирга щолареца ран тарал банкал, щвезе мустахIикъал тун руго къварид

22 октябралда Авар театралда цебе тIобитIана Унсоколо ва Хьаргаби районалъул гIадамал гIахьаллъараб митинг. Рихьуниб ГЭС балаго гъанкъизарурал ракьазухъ жидее кьезе кколеб гIарац тIалаб гьабун къватIире рахъун рукIана гьанжесалаги гьел.

Рихьуниб ГЭС балаго гъанкъизарурал ракьазухъ кьезе кколеб гIарац цIакъго дагьаб гурони биччан букIинчIо хIукуматалъ, гьединлъидал кколеб къадаралъ гьебги щвечIо гIадамазе. ТIадежоялъе гьеб щвезе мустахIикъалги гьоркьор тун жидер росу-ракь киб рахъалда бугеланицин лъаларел чагIазеги кьун бугин гIарацин ццин бахъун ругоан унго-унголъунги зарал ккарал гIадамал.

«Гьеб гIарцуде щибниги ирга щоларебщинаб халкъалъеги кьуна гьеб. Гьеб гIарацги босун жидеего банкалги ран цо-цоялги руго, инсул ракьалъухъ щибго жоги щвечIого дунги йиго», - ян бицана «Миллат» газеталъе Рихьуниса ГIайшатица.

АнцIго соналдаса цIикIкIун жидерго ихтиярал цIунун къеркьолев вугев Майданское росулъа АхIмад ХIамзатовасул рагIабазда рекъон, гьел хъвадаричIеб бакI хутIун гьечIо. Нилъер президетасдаса бахъараб Россиялъул президентасде щвезегIан ритIун руго гьез ритIухълъи тIалаб гьабун кагътал, амма щибго хIасил ккун гьечIо.

Гьаб соналъул сентябралда Дагъистаналъул президент МухIамадсалам МухIамадовасул ва Унсоколо районалъул бетIерасул ишал тIуралев Жаватхан ГIабдулаевасулги букIараб дандчIваялда президентас гьел зарал ккарал гIадамазе кколел компенсациял щвезариялде кIвар кьезе бугилан лъазабун букIана.

P.S. Гьеб ГЭС балаго, ансадерилги хьергебдерилги ахал гурел, лавашдерил капустадул хурзал лъелъе ккун рукIаралани «гьеб суалалде кIвар кьезе бугилан лъазабичIого», лъадатIа хурзал гьаризегIан гIарац биччан букIинеги бегьулаан (автор).

Лавашдерил капустаялдаса нилъер хьиндалазул курак цIикIкIун бокьулей, митингазул кидагосей гIахьалчIужу
ПатIимат МАХIМУДОВА

◆ **Ашахан ЮСУПОВ**

Анкьгьунаралъул чагIийищ ал рукIарал… низам цIунулел

Школалда тарихалъул дарсазда бицун букIана 18 гIасруялда Европаялъул чIахIиял шагьаразде щваравго Россиялъул тIоцевесев император Петрие гьенир ругел гIадамазул ретIа-къайги, михъмегежги кIкIван ругел гьезул рукIа-рахъинги рекIее гIун бугин цIакъилан. ВатIаналде тIадвуссаравго гьес буюрухъ кьун буго, жиндирго вазирзабаздасан байбихьун киназулго мугжул кIкIваян.

Дагъистаналъул полициялъулазда жиндирго гIакълучагIазул, вазирзабазул мугжузе гIадлу гьабулев Россиялъул гьев кьирал макьилъ цеве тIамунищали да рекъон, кида гьеб хIукму гьабураб ва тIоцебе Дербент шагьаралдасанищ гьеб гIумруялде бахъинабизе пикру ккараб? Гьелдасаги тамашаяб суал бачIунеб буго цохIо къояца.

ГIариф МухIамадовасул кабинеталдеги вачун гьесда гьикъун буго дуца мегеж щайин кIкIваларебилан. Дур хъулухъ щибин жинца гьеб кIкIваниги кIкIвачIонигийилан абизе ас кIал ричIилалде, тIадго цузабун абун буго хIукуматалъул бихьизабиялда рекъон жидее гьанже ихтияр кьун бугин гIадатиял гIадамал мегеж кIкIвазе тIамизеян. Гьеб гьабизеги дуе цохIо къо кьолеб бугилан лъазабун буго.

лъаларо, макьилъ хIинкъарал чагIаз гIадал жал гьаризе лъугьун руго Дербенталдаса полициялъулал, хасго гьеб шагьаралъул ОВДялъул угрозыскалъул нухмалъулев ГIариф МухIамадов.

Гьал къоязда гьенив гIумру гьабун вугев Заур Агъамурадовасул рокъореги рачIун полициялъулаз гьесда абун буго мун жидеда цадахъ ГОВДялде вилълъине кколилан. Гьениве щваравго тIадехун рехсарав ГIариф МухIамадовасул кабинеталдеги вачун гьесда гьикъун буго дуца мегеж щайин кIкIваларебилан. Дур хъулухъ щибин жинца гьеб кIкIваниги кIкIвачIонигийилан абизе ас кIал ричIилалде, тIадго цузабун абун буго хIукуматалъул бихьизабиялда рекъон жидее гьанже ихтияр кьун бугин гIадатиял гIадамал мегеж кIкIвазе тIамизеян. Гьеб гьабизеги дуе цохIо къо кьолеб бугилан лъазабун буго, гурони рокъореги рачIун жидеца кIкIвазе бугин дур мегежилан тIадеги жубан буго гьесул бадиреги къулун. Гьанже гьелъиеги ругьун гьарулел ругеб къагIидаха гьезул хIалтIухъаби. Дербенталъул ГОВДялда далакчи хIадур гьавулел курсал рагьун ругиланги рагIун букIинчIо.

Гьанже щибха гьев пакъир Заурицаги гьабилеб, хвезе кватIани чанги жо бихьизе хъван букIун бугилан абураб умумузул кици щун батилаха гьесда ракIалде рокъове вачIунаго. Амма полициялъулалги рохизарун жиндица мегеж кIкIваларилан чIун рагIула эв, бусурбанчиясе мегеж тезе беццараб бугиланги абун.

ГIадамазул мугжул кIкIвазе хIукуматалъ жидее ихтияр кьун бугилан абурал ГIариф МухIамадовасул рагIабазда щакълъизе бачIунеб буго. Кинаб бихьизабиялгьев талихIкъос-Агъамурадовищ гьеб некIсияб шагьаралда, гьезда ватарав, мегежги тун…

Нилъер республикаялда киналгоязде гIагарун чи Имам ШафигIил мазгьабалда рекъон гIумру гьабун рукIин хас гьабун бицине ккеларилан ккола гьаниб. Ункъабго мазгьабазда гьоркьоб гьеб рикIкIуна бищунго къуватаблъун. Гьеле гьеб мазгьабалда рекъонги бусурбанчиясе лъикIаблъун бихьизабураб мегеж теялда данде рагъ лъазабун рагIулаха хIукуматалъ. Мегеж тезеги гьелъие хъулухъ гьабиги с.т.гI в. МухIамад аварагас тIадчIей гьабураб ишлъун кколилан абула диниял хIаракатчагIаз киназго цо кIалдисан гIадин.

Шамил районалъул Гъогъолъ росдал имам ГIалискандиев МухIамад Расул-ХIажица гьадин загьир гьабуна жиндирго пикру.

- Нилъер диналда вугев чияс мегеж тей ккола, тIоцебесеб иргаялда, салат-салам лъеяв МухIамад аварагасул суннаталда нахъ вилълъин, дагьабги бичIчIуледухъ абуни, гьеб ккола исламалъул хIурмат гьаби.

Гьединлъидал мегеж тунилан багьанаги батун, хIал гьабун гьев чи мегеж кIкIвазе тIами чиясда тIад зулму гьаби ккола. Гьелъул жавабчилъиги кIудияб буго Аллагьасда цере щварал къояца.

ХIал гьабун полициялъулаз Дербенталдаса Заур Агъамурадов мегеж кIкIвазе тIамиялъе гIилла щибдаян хIисаб гьабизе лъугьани, тIанкIан тIоцебе ракIалде бачIуна гьадинаб хIужа. Нилъер республикаялда къойидаса-къойиде цIилъулел изну гьечIого яргъид гIуцIаразул кьералъе кколел гIолилал тIатинариялъул политика батила низам ц1унулел хIалтIухъабаз гьабулеб. Гьебго пикру загьир гьабуна МухIамад-Расулицаги, амма гьелъие кьучIаб гIилла букIине кколилан рикIкIунеб буго гьес. ГIиллаги гьечIого гIадан хIакъир гьави мунагь кIудияб иш гьечIищха.

МухIамад-Расулица абулеб буго мегеж теялъулги жиндирго адабал рукIунилан. ЦIакъго каранде гьарщараб мегеж рекъон букIунарила чиясда, хасго гIолохъанчиясда. Толеб бугони мегеж, куц-мохъалда рекъон тезе ккелилан рикIкIунеб буго гьес.

— **МагIарухъги гIезегIан руго харабаздасан байбихьун мугжул тарал гIадамал. Гьа, гьанже гьасухъ-досухъ балагьичIого цересан киназулго мегеж кIкIвазе лъугьани, кинаб хIасилдай гьелъул ккела. ХутIа-хутIарабги гIадамасул ццин бахъинабун, халкъалда гьоркьоб питна бекьун гурони, щив гьелдаса вохизе вугев. Цересан кIкIвазе байбихьани тIоцебе муфтиясул, гьесда хадур гIалимзабазул, имазабазул - киналго цадахъ мугжуздаса ратIагьаризе руго-ха. ХIакъикъаталдайин абуни, шаригIаталъул хIукмуялда рекъон, мегеж кIкIвазе бусурбанчиясе хIарамаблъун бихьизабун буго. Имам ШафигIил мазгьабалда гьеб карагьатаблъун бихьизабун буго лъабго бакIалда, лъабцIул карагьат гьабураб жо хIарамаб ишалде сверула,** - ян бицана нахъойги МухIамад-Расулица.

Гьанже хIисаб гьабеха, исламалъ хIарам гьабураб иш (мегеж кIкIвай) хIал гьабун чиясдаса тIалаб гьабизе лъугьунел полициялъулал кIицIул кколел руго мунагь-хIакъалъукье.

МухIамад-Расулица абухъе, цохIо магIарухъ гурелги, шагьаралдаги къойидаса къойиде цIикIкIунел руго мегеж тарал гIолохъаби. Жиндир баракат щваяв Бакълъухъа СагIаду-ХIажиясул МухIамад-Афандиясги (къ.с.) абулеб букIун буго гьурмада бижизабичIого, рекIелъ бижизабизе къваригIун бугила мегеж, гьелъул кIудияб магIна батизе буго.

Дербенталъул ГОВДялда гьеб суалалда тIасан кинал ругониги баянал кьезе инкар гьабун буго (гьедин хъвалеб буго информациялъул алатаз).

Лъаларо Агъамурадовасулги полициялъулазулги гьеб дагIбарагIи сундалъун лъугIилебали, амма мегеж таралщинал чагIазда данде, МухIамад-Расулица абухъего, гIаммаб къагIидаялъ рагъ лъазабунани, гьеб рагъ хIакъикъияб рагъалде сверизеги рес буго.

P. S. ЦохIо мегеж кIкIвазе гуребги, цойги кинаб махщалие гьунар Дербенталъул полициялъулазул бугебали бальголъилъун хутIизехъин буго. Умумуца абухъе, анкьгьунаралъул гIадамал гьел ратани, Дербенталъул жанисел ишазул идара мисал босизе мустIахIикъаблъун бугин абуни, дагIба балев чи вукIинарилан ккола.

№21 (21) 28 октябрь 2011 сон

◆ ХIамзат ДАРБИШХIАЖИЕВ

Гуржистаналда авар мацI

Дагъистаналдаса Гуржистаналде дун сапаралъ унев вукIин лъаравго ГIабдулмаджид ГIабашиловас дида гьарана жиндир гьудул Ривaз Абашиада урхъараб салам бицеян. Хадуб дие баянлъана Р. Абашиа кавказалъул мацIазул гIалимчи, профессор вукIинги, Тифлисалъул пачалихъияб университеталда авар мацI малъиялъул борч тIаде босарав мугIалим вукIинги.



Ривaз, бокьилаан Тифлис шагьар гIуцIиялъул, гьелъул цIар бижиялъул хIакъикъияб тарих лъазе?

Халкъиял биценаздасан бачIараб гьадинаб къиса буго Тифлис шагьаралъул хIакъалъулъ: Цо хан вукIун вуго рохьове чанаве вахъун. Гьесул чIорбутIалъ лъукъун бортун унеб гIансахIинчI ккун буго лъадал хIоринибе. ХIинчI лъадалъа къватIибе босилалде, лъадал хинлъиялъ – бухIиялъ кваназе бегьуледухъ белъун батун буго. Гьелдаса хадуб баянлъун буго хинал лъиназул иццал некIсияб Тифлисалъул ракьалда гIемерал рукIин.

Цогиябги буго гьадинаб бицен: Лъукъ-лъукъун ругъназул цIураб ритIучI хIалалъ бачIун бегун буго гьадабго хинаб лъадал хIориниб, лъабабилеб къоялъ ругъналги сахлъун ритIучI рохьазде тIерхьун ун буго.

«Тбили» гуржиязул мацIалда хинаб абураб магIна ккола. V гIасруялъул кIиабилеб бащалъиялда Вахтанг Горгасалица байбихьун буго Тифлис шагьаралъ кьучI лъезе, гьенире чIахIи – чIахIи хъулби разе. Гьединаб буго Тифлис шагьар гIуцIиялъул тарихалъул кьокъаб баян.

Чан сон бугеб дур университеталда хIалтIулелдаса ва кин дур авар мацIалдехун рокьи бижараб?

Дунго гьавуна ва гIуна бакътIерхьул Гуржистаналда Абхазиялъул Гальский районалда, гьенибго цIалун лъугIизабуна гьоркьохъеб школа. Хадуб 1975 соналъ дун цIализе лъугьана Тифлисалъул пачалихъияб университеталъул Кавказалъул мацIазул гIелмуялъул факультеталде. Дирго рукIарал мугIалимзабазда халлъун бугоан дир авар мацIалдехун рокьи цIикIкIараб букIин ва гьезул гьариялдалъун 1980 соналдаса нахъе дун хIалтIулев вуго гьебго университеталда авар мацIалъул мугIалимлъун.

Нижер университеталда цо авар мацI гуребги Кавказалъул миллатазул киналго мацIалги малъула, битIун хъвай, мацIазул гIуцIи кинабго данде босун.

Аваразул миллаталъул мацIалдехун дир рокьи кин цIикIкIун ккараб абураб суалалъе жавабалъеги бицина дица. Дун жеги школалда цIалулев вугеб мехальго дие кIудияй эбелалъго рицунанан аваразул хIакъалъулъ, гьезул бахIарчиял тарихазул лъугьа-бахьиназул хIакъикъиял къисаби.

Нусиялда хадуб миллат бугеб Кавказалда гIицIго авар миллаталда гьоркьоса рахъун руго щуго имам. Гьелъги бичIчIулеб гьечIищха авар миллаталъул чагIи Аллагьасго тIокIлъигун рижун рукIин. Гьелда тIадеги дие цIикIкIараб асар гьабулаан араб XX абилеб гIасруялъул кIудияв гIакъил, шагIир Расул ХIамзатовасул асаразги, гьелги дие рес букIана авар, гуржи, гIурус мацIазда цIализеги.

Цо-цо чагIаз абула аваразул мацI захIматаб, согIаб, хъачIаб бугилан. Дирго пикру абуни, гьеб мацIалъул гIуцIи лъалез, хIеренлъи лъалез, тарих лъалез гьедин абуларо ва киданиги абизеги гьечIо.

Цогидал къватIисел пачалихъазул миллатазул мацIазда данде ккун, авар мацI гьваридго гьорлъе раккун цIехолеб, лъазабулеб буго-ни бечедаб мацI буго.

БакътIерхьул улкабаздаса, Европаялъул пачалихъаздаса рачIунищ нужехъе авар мацI лъазабизе бакьарал?

ЦIакъго гIемералинги абиларо, амма щибаб лъагIалие кIи-кIи чигIаги нижер университеталдаса авар мацIалъул гIелмуги лъазабун къватIире уна.

Япониязул тахшагьар Токиоялъул университеталда гьабсагIаталда хIалтIулев вуго гIалимчи, профессор цохIо лъагIалида жаниб авар мацIалъул гIелмабазул киналго аслаби лъазабурав.

Токиоялъул университеталда мугIалимлъун хIалтIулаго гьесги ругьун гьарулел руго студентал авар мацIалъул хъвай-хъвагIаялъе.

Англиялдаса, Франциялдаса, Германиялдаса, Польшаялдаса, Литваялдаса, гIемерал цойгидал пачалихъалдасаги рукIана нижер университеталда авар мацIалъул гIелму лъазабулел, гьелдаса дунгоги кутакалда вохун вукIуна, дицаго тIаса бищараб нух гIадада ккун гьечIолъ бичIун.

Аваразул миллаталдеги мацIалдеги гьединаб рокьиги адабги бугев, цинцIулгIаги щванищ мун Дагъистаналде, магIарул росабалъе?

Дун араб гIасруялъул 70-80 саназ гIемерав щвана Дагъистаналде, Хунзахъе, Шамил, Хьаргаби, Гъуниб, мухъазул росабазул гIадамазухъе, аслияб борч букIана дирго тIаса бищараб авар мацIалъул гIелмуялъул аслаби гьваридго лъазари. Росабазул гIадамаз хIалтIизабулеб болмацIалъул бальгольаби рачIиялъги гIемераб кумек ккана дие студентазда авар мацI малъиялъе.

МагIарул росабальги, шагьараздаги, гIемерал руго дир гьудулзаби гьезухъан кагътални рачIуна, сайгъат-саламалги рачIуна телефональги кIалъала цоцазухъе.

СССР биххаралдаса Дагъистаналде щун бажаричIо. Гьал пачалихъазул сиясат хисаралдаса дунго гьудулзабазухъе ваккиги дихъего гьел рачIинги дагьабго кьанагIалъана.

Авар мацIалъул гIелму малъиялъе хIажалъулел тIахьал Тифлисалда басмаялъ къватIире риччалищ?

Нижер гьанир гьединал тIахьал басмаялъ рахъуларо, амма рахъичIониги МахIачхъалаялдаса рачIуна дие хIажаталщинал тIахьал ритIун. МацIазул ва адабияталъул цIех-рехазул институтазул гIемерал руго дие кумек гьабулел ва кидаго бухьеналда рукIунел гIалимзаби, хасго авар миллаталъул чагIи.

Гуржистаналда тIоритIулел, батIи-батIи гIелмиял конференцияздa гIахьаллъизе гIемерал рачIуна Дагъистаналдаса гIалимзаби, гьезухъ гьудулзабаз ритIун рачIуна дир хIалтIулъ хIажатал гIелмиял тIахьал. КигIан гIемерал тIахьалха дие рачIарал дагъистанияз – дир гьудулзабаз, авар, гIурус мацIазда хъварал. Цониги тIехьалъухъ гьез жегиги дихъаса мухь босичIо, баркала буго киназего дидехунги ва жидерго мацIалдехунги цIунараб адабалъухъ.

СССР биххаралдаса дур хIисабалда гьоркьоблъи бихханищ кавказалъул миллатазул?

СиясатчагIаз пачалихъазул гIорхъалаби чIезарунин абун, таможниял гIуцIунин абун, инсанасул рухIияб дунялалъе гIорхъи чIвазеги миллатазул некIсияб гьудуллъи гьоркьоб тIезабизеги лъиданиги кIвезе гьечIо.

Цогиял бакIазул хIал дида лъаларо, амма Гуржистаналда дагъистанияздехун рокьиги адабги тIаде цIикIкIани гурони хисараб щибго гьечIо.

Нижер университеталда гьабсагIатги цIалулел руго Дагъистаналдаса гIемерал студентал, гьезие киналго шартIалги, харжалги Гуржистаналъул пачалихъалъ чIезарунги руго.

! Цогиял бакIазул хIал дида лъаларо, амма Гуржистаналда Дагистанияздехун рокьиги адабги тIаде цIикIкIани гурони хисараб щибго гьечIо. Нижер университеталда гьабсагIатги цIалулел руго Дагъистаналдаса гIемерал студентал, гьезие киналго шартIалги, харжалги Гуржистаналъул пачалихъалъ чIезарунги руго.

Дир рахъалъ урхъараб салам бице дагъистаниязда, хасго аваразда, риидалил заманаялъ хIаракат бахъила магIарул росабалъе гьоболлъухъ вачIине. ЦIакъго бокьун буго имамзабазул ватIаналде Генуб, ГъоцIалъ, Сугъралъ, ХIоцоб росабалъе щвезе. Дунялалдаго Дагъистан машгьур гьарурал махшалил устарзабазухъе Унсоколо, ГьоцIалъ, Кубачи, Бархъали, ГIанди росабалъеги сапар гьабизе.

МацIалги, миллаталги, диналги батIи-батIи рукIаниги нилъ киналго руго ГIадамилги ХIавалги наслаби, киназулго бидул кьерги цо буго, гьединлъидал нилъеда тIада буго умумузул некIсияб гьудуллъиги, вацлъиги сун ун гутIиялъе квербакъулеллъун рукIине.

Тифлис - МахIачхъала

"Миллаталда" ва поэтазда тIаса пикраби

Я научила женщин говорить,
О, Боже! Как заставить их молчать!
Анна Ахматова

ТIоцебесеб иргаялда, салам кьолеб буго газеталъул редактор МухIамад БисавгIалиевасе. Щибха гьелдалъун абизе бокьун бугеб?

«Миллат» газеталъул къватIире рачIарал номерал цIалидал, дида бичIчIана дур унтиги: ватила мун пагьму-гьунар бугев журналист, гуребани кIудияв шагIирас жиндирго ахирисел асаразул къисмат дуде васигат гьабилароан. Дуе бокьулеб буго дуцаго гIадамазе критика гьабизе, амма дудаго кIалъалев чи данде ккезехъин гьечIо дуе. БичIчIуларо: дуца бегьулеб абизе, дуда щай бегьуларебали? Дур щибго гIунгутIиго рагIулароха. Ралагьизе лъугьани, гьел нилъер щивасул руго. Дир макъалаялъеги хадубрагIи хъвачIого чIезе кIун гьечIо дуда. Дуца малъарабги гьабун, дица кечI рекIехъе лъазабуна, бакъанги дицаго ургъана, амма ахIизе хIинкъизехъин йиго - Дагъистаналдаго пагьму бугезул цояйлъун кколей Хадижат Жамалудиновалда рекъечIев дуе, дир ахIулеб кочIоцаги асар гьабичIого тезе гурилан абураб пикруялъ тезе кколеб буго ахIичIого.

Амма ракIалде ккана, дургIан гьунар гьечIониги, цоги нухалъ дирго пероялъул хIал бихьизе. Цебесеб макъалаялда дица аслияб къагIидаялда хъван букIана хунздерил шагIирзабазде къаламцоялъ абуралде данде жаваб (амма рес бугебдай гIарзал хъвалей Майсаратилги гьезулги къалам цолъизеги).

Гьанже ракIалде ккана ГIабасилав веццизе, кигIаналъ гьев Майсаратидаса тIокIав вугевали вихьизавизе.

«Дица какила, дида щибго абуге» - гьеб ахIиялъцин гуребдай дурги элъулги рагIи данде ккараб?!

КIудияв Расулица хъвана чанги гIамалги гIадатги бугила магIарул халкъалъул, тIолабго гIаламалъ гьеб босани, гIамал берцинлъилаанилан.

Дир пикруялда, гьеб ккола кибниги хъвачIеб нилъерго мугIрузул аслияб закон: хъахIаб расалъул адаб гьаби. Дида гьеб нужер хъвай - хъвагIаязулъ бихьулеб, батулеб гьечIо.

*** *** ***

ХIурматияй Майсарат, цосина мун гIадазул хIакъалъулъ гуребдай гIурусазул машгьурай поэтессаялъ дица эпиграфалъе росарал гьадал рагIаби хъварал?

Авторасул рагIаби хисун лъезе кин дуда кIвараб? Дида гьесул рагIабазулъ батичIо дуца хъвалеб «ТIенкги лъун» абураб рагIи. Эпиграфалъе босулеб кечIалъул рагIиги магIнаги щай хисизе гьабураб?!

Нилъер умумузул буго «чаргъеду парпадун, бакъул нур свинарилан» абураб кици. Гьединай къалам бегIерай дуда рагIичIого киндай хутIараб гьеб? Дица мисал бачунеб буго ГIабасиласул тIехьалда бугеб хIалалъе:

Йохъ, дун пасихI гуро, пасихI вукIине
РакIалде гьесарав поэтцин гуро.
Амма лъиданиги дунго релълъине
Релъаби рищулев шагIирги гуро.
Дирго Пегасалда дирго квелъги бан,
Кивехун аниги, унев вуго дун.
Дирго Парнасалда дирго хъошги бан,
Нахъа хутIичIони, чIезе вуго дун…

МухIамад ПатахIовас гьадал ГIабасиласул мухъазул хIакъалъулъ хъван бугелъухъги гIенекке: «ГIабасил МахIамадица, хъош гуреб, хъала бана Парнасалда!» Гьеб дидасаги, дуда лъазе ккола, хIурматияй Майсарат. Щивав поэтасул жинди-жиндие хасиятаб къагIида, хатI букIуна. МахсутIил батила кIодо гьабун образ бачунеб къагIида. «Гиперболичность» абула гьелда литведениялда.

МахсутIида ракIалде ккун батила дуе жаваб кьечIого тезе. Лъиеха бокьилеб гьединаб кIал тIаде босизе. ЦIодорав чияс гьединги гьабила. Дир хIакъалъулъ хъвараб букIарабани, дицаги юцIунчIей тIаса бищилаан. «Поэзиялъул чIутIбилъун» МахсутIие кколел руго гIарзагъунел поэтал. Гьезие ГIабасилас кьураб жавабги ккола «тIад хIетIе чIун, гьел чIинтIи».

МацIихъабазул хIакъалъулъ хъвана ГIабасилас:

...Дир мацIихъабазул гьобо хенечIеб
Хасел къваридабцин кього бачIинчIин...

Рес гьечIо пагьму, гьунар бугелъуб мацIги, ракIхъублъиги гьечIого.

Цогиги кици буго нилъер умумузул: «Пихъ бугеб гъотIоде гурони рехтIаруларин».

Я МахсутIил, я ГIабасиласул «ГIарзабазул тIехьгIаги» батиларо, гьезул хъваралда хадуб ракIбухIизеги бегьиларо. ЦIакьго бахъараб ццидаца дуца ГIабасиловилан ахIулеб буго поэтасде. Гьев ГIабасилов гуро. Гьев вуго ГIабасилав, халкъалъеги вокьулев, унго-унголъунги халкъиявлъун кколев поэт. Хъвалаго толаго, Майсаратица бачунеб буго Расулги ХIамзатги рикIкIунгутIиялде, ЛъагIилухъ росу ЦIада росдадаса цIакъаб бугин абулеб букIиналде.

РекъечIеб къагIида тIаса бищун буго дуца, хIурматияй ХIурулгIин Майсарат, унго-унгояб анализ гьабиялъул бакIалда. Гьеб гьабизеги лъазе кколеб батиларищха?!

ГIабасиласул гьитIинго рокьи ккеялъул, тIоцебе гьесда берцинлъи лъаялъул бицунеб бакIги, Майсарат, дуца цIакъго гIад-хочIие гьабулеб буго.

Расулица хъвана ГIабасиласде:

« О, гIищкъул дирижёр, дур гьаб оркестр,
Ясазул гурони музыка гьечIеб.
Гьеб дур матIуялъуб гьурщанщинаб гъал,
Гьезулъ вахчичIого бачIунареб кечI».

Берцинлъи бихьуларев поэтлъун ГIабасилав вукIаравани, букIинароан МахсутIил поэмаги, вахъинароан халкъиявлъун ГIабасилавги. Гьевгун 60 сон арай гIадан ккола гьесул лъади Савдатги, ГIабасиласул бераздалъун гурони дунялалъухъ ялагьуларей чIужуги.

Гьелъул хIакъалъулъ хъварал асараздаги божичIого, дидаго ракIалде ккана гьелъулгун лъайхъвай гьабизе.

Гьей ятана гьелъул хIакъалъулъ хъвараладасагицин тIокIай, цо нухалъ йихьани, кIиабилеб нухалъги жиндихъего гIадамал цIалей цо хасаб берцинлъиялъул гугьар жиндилъ бессарай хIикматай гIадан. Гьединай гIадан, гIаламго какулей дуда рихин тамашалъи гьабизе ккараб жо гуро.

ГIабасилавги ватана, дуца малъаралда, хъваралда тIадги ургъун, хIапщадерил гIияде ине хулжал къачIалев. Гьесухъеги «Миллат» газета щун букIин бичIчIана.

Дагъистаналъул тIахьазул издательствоялда редакторлъун хIалтIулаго, мун гIадинал поэтазул тIахьал рахъизе рес кьолев вукIун, жиндего регIичIо гьев. I5 соналъул заман гьоркьоб биччана гьес, тIехь бахъичIого. Гьев пенсиялде ун хадув бахъана издательствоялъ гьесул тIехь «Аслиял асарал». ТIехьалъе цебераглIи хъван буго пагьму-гьунар тIокIав поэтазул цояв, Хъвадарухъабазул Союзалъул председатель МухIамад АхIмадовас. Гьенибги тIадегIанаб къимат кьун буго поэтасеги поэтасул творчествоялъеги. Дуе рокьизе рес гьечIел рагIабиги хъван, кечIги гьабун буго гьес ГIабасиласде:

«Жаваб кьуна дуца мацIихъабазе,
МацIалда нацI барал гьерсихъабазе,
ГьедичIо кидаго гьудуллъиялъе,
Гьудуллъи цIунана гьеди кинигин...»

Гьединго ГIабасилав ккола школазул хрестоматиязде арав поэтги, дуе гьезда бакI батичIониги, Майсарат. Гьесул асарал Авар театралъги къабул гьаруна. Халкъиявин абун цIар кьелалде рукIун ратула гьесул гIадатав, гIадан хириявилан абурал цIаралги. РакIчIун абизе кIола Халкъиявилан абураб цIаралда хадувги гьев лъугьинчIолъи. Гьеб цIар букIинчIебаниги, халкъалъе хириявлъун хутIилаан, вукIинаан ГIабасилав. Гьелъие нугIлъи гьабула - гьезухъе, ГIабасиласухъеги Савдатихъеги, рачIунел рикIкIен гIемерал гьалбадерица. Гьесул поэзия, Майсарат, дуралдаса тIубанго батIияб буго.

Аваразул кочIолъ рифма букIинчIо. Гьеб гьечIониги, магIарул кочIол пасихIлъи борхалъуда буго. Якъинаб буго, ГIабасил МахIамадица магIарул мацIалъе гьелъул хIикмалъи рагьи, поэзиялъул гъасда цIиял хIенхIал кинигин, гьел кунчIизари, камиллъизари. Гьадин мухъазул ахир рекъезаби хIажатаблъун лъугьана ГIабасил МахIамадие жиндирго кочIол дунялалда:

Анищазул хурзал, хиялазул ах,
Унго кидал телев нужеца дун сах,
Дир квер гIунтIулареб гIищкъуялъул тах,
Щиб къоялъ бачинеб дуца дие ахх»?

Гьединаб батIияб поэзия ГIабасил МахIамадил букIиналъ гурищ, масала, дур хIакъалъулъ хъвачIого, магIарул ясалъ, ДГУ - ялъул филологияб факультеталъул хIалтIухъан Маржанат ХIажиахIмадовалъ диссертация хъвараб ва гьей гIалимчIужулъун яхъарай. Чанго тIехь биччана гьелъ хадубги ГIабасиласул поэзиялъул бицун ва беццун, Майсарат, дур поэзиялъул хъвачIониги. БитIараб бицани, дида жеги батичIо (дунго тIаде ккечIого батизе бегьула) дур творчество я беццун, я критика гьабун хъвараб бакI.

Бищунго цебе Россиялдаго кIудияб орден щварай, бищунго цIакъай халкъияй поэтессалъунги рикIкIуней, магIарул мацIалда хъванщинаб тIехь гIурус мацIалдеги буссинабурай Фазу ГIалиевалъ интервью кьолелъул абуна:

«ГIабасил МахIамад ккола авар поэзиялъул классик». Дуца хъвалеб буго классикилан чIаго ругезда абуларилан. Амма дида Ожеговасул словаралда батичIо хун хадуб гурого гьедин абизе бегьуларилан хъвараб бакI. Дуцагоги хал гьабизе бегьула. Гьев вуго жакъа магIарул мацI бищунго лъикI лъалев поэтги. Дур хIакъалъулъ щайха, хIурматияй гьедин лъицаго абулареб?

ГIабасил МахIамадил кочIолъ руго гьадинал рагIаби:

«Сардал рогьунел руго гьуинаб макьуялда,
Рокьиялъ гIищкъу ахIун, гIищкъуялъ рокьи ахIун.
Сонал лъедолел руго даимаб талихIалда,
ГIадамазда дун ватун, дида гIадамал ратун...»

Гьеле гьединав халкъияв, гIаданги хирияв, киналгоги рокьулев поэтасул хIакъалъулъ хъвараб поэма буго, хIурматияй, доб МахсутI ЗайнулгIабидовасул.

Нуж, мунги БисавгIалиевги, цIакъ хIинкъун руго МахсутIги ГIабасилавги ширкалде ккеялдаса. Амма, дида бичIчIухъе, иш батIиясан бугин ккола. Цогиги буго нилъер магIарулазул кици: «ЛъикIлъи гьабурасул квешлъиялдаса цIунаги» йилан абураб.

Редакторлъун хIалтIулаго, гIемераб лъикIлъи гьабун букIун батила гьес дуе.

ГIабасилав асараздасан гурев, живгоги лъазе бокьун, гьесухъе бухьараб иргадулаб сапаралда рес щвана дие гьесул музеялдаги гIодой чIун, ГIабасилав дагьавги лъикI лъазавизе, гьесул ракьцоялгун дандчIвазе, гьесул хIакъалъулъ гьез бицунелъухъ гIенеккизе. Поэтасул ихтиярaлдалъун, изнуялдалъун, дие рес щвана гьесул архив хъирщизе.

КIиабизеги машинкаялъ кьабизе ккеялъ батила, гьениб дур басрияб рукописьги бугоан, Майсарат.

Бихьани авторасда лъаларехъин, гьарун ругоан гьелъул поэмаби. Идея кьолелллъун лъугьинарун ругоан гьел редакторасулаб кверaлъ. Цинги бичIчIана - гIемераб лъикIлъи квешлъиялде сверулеблъи, ХIурматияй Майсарат. ЦIакъго хъачIго ккунилан гIайиб гьабуге. ВатIаналде рокьи районалдасан, гьеб машгьур гьабурал гIадамаздасан байбихьулелъул, яхI гьабизе кIвечIо.

Дурго рекIелъ бугеб ццин цодагьабгIаги чучизе, якке ЛъагIилухъе, поэтас жиндирго минаялда хьолбохъ «Авар адабияталъулги магIарул маданияталъулги бараб рукъ» бихьизе.

ГIабасилас васияталда тун буго нуж, поэтал, рещтIине, нуж, поэтал, хъвадаризе теян жиндирго мина.

Рукъалда хьибилалда бугеб «Магазин бесплатных товаров» тукадеги якке.

Цогиги нухалъ, хIурматияй Майсарат!

Унго-унгоги мун гIедегIулей йигеб куцха гIадамазе къимат кьезе. Дуца мухIканго лъазабун буго киб бакIалда дун хIалтIулей йигеяли. Дуда эб бицарас дагьабги мухIкан гьабизе кколаан дир хIалтIул хIасилалги, дуе жаваб кьезе кIолареб даражаялда дун гьечIолъиги. (ГIайиб гьабуге, учузаб рецц-бакъ бокьулел шагIирзабазул районалдаса йигелъул, борчIун ккун батана….) Дуца хунздерил шагIирзаби ахIулел руго газеталдасан хIапшадерил гIияхъабигун бахIсалде.

Дур макъалаялъе жаваб кьечIеб мехалъго бичIчIичIищ дуда хунздерил шагIирзабазул борхалъиги, гIакъиллъиги, тIадегIанлъиги. Дидасаги дозда лъикI лъалей ятиларищха мун! Дир гIагараб район ккола бищунго гIодобе биччараб районазул цояб, гьенир руго сабурал, цIакъ магIна бугел гIадамал. Мун сабаблъун питнаялде нуцIа хунздерица рагьиларо. Дидагоцин цо-цо ццин бахъуна дуе жавабги кьечIого, юцIцIун чIезе кIвечIей. Доба Ленинградалда бугеб рекъасул гвангвараялъулги нилъер бахIсалъулги гIаммаб щиб бугеб?!

Дуда къацандизецин лъалеб гьечIо, хIурматияй, ХIажимурад вуго тIолалго дагъистаниял чIухIулев миллияв багьадур, гIурусазул машгьурав хъвадарухъан Л. Н. Толстояс жиндирго асаразул цояб сайгъат гьабурав? Щай гьесдаса чIухIизе бегьилареб?

ЦIар рагьун хъвачIониги, дуца макъалаялда рехсарай Фазу яхун йигей борхалъиялъул бищунго гIодобегIанасеб гохIалдецин йоржаниги мун яхунаро. Гьелъцин гурищ гьей дуняладалдаго машгьурай шагIиралдехунги дур рокьукълъи бижараб?!

ВатIанияб рагъдеги дир гIагараб районалдаса гIезегIан васал арал. Гьезул гIемерисел тIадги руссинчIо. ГIагараб ВатIан цIунулаго рухI кьурал, къункърабазул кьеразулъ жидеца мустахIикъаб бакI ккурал районцоязе дица даимго къулула бетIер. Гьебжоги рогьойиланищ дуца балеб бугеб, цониги ВатIанияб рагъул бахIарчи вахъинчIеб районилан?! Гуро. Дуе цIакъго бокьулеб буго гьечIеб бакIалда питнадул мугьал рекьизе. Дуца бегьулеб буго бокьараб абизе, амма дудего абулеб жо цIакъ данде кколеб гьечIо дуе.

ГьедигIан ццидалай мун, щиб асар хъванилан абурай хъвадарухъанлъундай халкъалъе хутIилей?! ГIемер тIахьал хъвай гурелъулха мурад. Дуца абулеб буго 15-20 тIехь хъванилан. 15-20 чиясгIаги цIаланадай гьеб?!

Расулил-«Къункъраби», Фазул-«МугIрузул закон», ГIабасиласул-«Рокьул саринал».Дур щиб бугеб?

ГIарзабазул тIехьищ?!

Цо гьитIинабго мисалги бачинин.

Багъатар ХIажиев гIумруялдаса ватIалъана 27 сон байдал. Амма досул асарал «Севералда бугеб дир милъиршо», «Дихъ ралагьун чIа, мугIрул», «ЦIадакьа бахчулеб дир чанил бурутI» школалъул хрестоматиязда руго.

Рарал соназульги, къватIир риччарал тIахьазул къадаразульги гуро иш бугеб. Иш буго-пагьму-гьунаралъулъ. Дур тIахьалги цIалун, дица замана гIадада хвезабиларо, ракIчIун лъала гьениб я критикаялъе, я рецц-бакъалъе бакI гьечIеблъи. Дур рецензиялъе рецензия хъвалейго йикIинчIо дун. Дулъе дун яхинаро, гIадатияй мугIалимлъидал кколей. Дуца хунздерил шагIирзабазе кьураб къиматалъе данде жаваб гьабулей йикIана.

Цогиги абизе бокьараб. Дица киданиги инкар гьабиларо дицаго хъвараладасаги, цо-цо жидерго асарал, жидецаго гьарурал, хъварал кучIдул жидер гурилан чIолезул мухъилъе ккезеги дун чIеларо.

Чанги жо хъвазе бегьилаан, амма иргадулаб ахIиялъ дица редактор хIинкъизавизе гурин абураб жоялъ тезе кколеб буго.

Дидани ккун букIана нуж цIакъго кIудиял гьудулзаби ратилилан, гъодигIан берцинаб макъалаялъе тIоцебесеб номералдаго бакI кьураб мехалъ.

Гьалдалъун, хIурматияй поэтесса, дица дургун бахIсалде рагьичIониги гIезехъин букIун бугеб нуцIа къалеб буго.

Дуца жеги абизе бегьула, гIемераб жо лъалеблъидал дуда. Батила дур хунздерида абизе жеги чанги жо. Амма дуда лъалебани, хунздерица дуца цIалараб гIадахъ босулареблъи, ниж руго ракълилаб берцинаб гIумру гIуцIулел, цо-цо мун гIадаз хъвараладаги релъун. Унго-унгоги, ракIалдейищ дуда ккун букIараб масала Фазуги, Залмуги, ГIабасилавги дуе жаваб кьезе рахъинилан?! Мун лъалей йикIарайани, дицаги юцIцIун чIейго тIаса бищилаан.

КIудияб хьулги буго гьалдалъун дуца нилъер бахIсалъе ахир лъеялда. Дур рахъалдасан гьеб букIинаан кIудияб гьунарлъун, ХIурматияв редактор.

КIудияб хIурматгун
ва рокьигун Шамай
Хъазанбиева (Асият
ГIабдулатIипова),
Хунзахъ район

№21 (21) 28 октябрь 2011 сон

ЦIАЛДОЛЕЗУЛ ПИКРАБИ

лъазаби

Асаламугlалайкум хlурматиял магlарулал!

Умумузул гlумрудул нух, гlадат-гlамал, тарих ва маданият унго-унгояб цlубараб ва камилаб куцалда гlицlго рахьдал мацlалъул кумекалдалъун гурого гlолеб гlелалъухъе швезе рес гьечlо. Жакъа къоялда, хlукуматалъ ва жамгlияталъ лъималазда рахьдал мацl манлъиялъе гьарулел тадбирал цlакъго загlипал руго. Гьеб бигьаяб гуреб суал аслияб куцалда тlаде бегараллъун руго рахьдал мацlалъул мугlалимзаби. Пачалихъалъ загlипаб гурони харжги кьоларел, гьезул захlматалъул къимат киназдаго тlубан бичlчlунгутlиялъ мукъсанаб гурони баркалаги щоларел мугlалимзабазе гьай-гьай захlмат буго хlалтlи цебе бачине.

Хадусеб, ай ноябрь моцlалъул 5 къоялъ сагlат кlигоялда (05.11.2011, 14.00) Дагъистаналъул жамгlияб гlуцlи «Вацлъиялъ» Махlачхъалаялда Дагъистаналъул Гlелмияб Академиялда тlобитlизе буго «Мугlалимасул захlмат – халкъалъул букlинесеб» абураб жамгlиябгун гlелмияб данделъи. Гьелъул мурад буго пачалихъалъул нухмалъулездасан рахьдал мацlазул дарсазе кьолел сагlтал цlикlкlинари ва гьел рачунел мугlалимзабазе хlалтlулъ бигьалъаби тlалаб гьаби, гьединго жалго мугlалимабазул хlалтlул хlалбихьиял цоцазулгун дандрай, басмаялде рахъун, гьел киназего гlаммаллъун гьари. Дарсал рачиналъул цlиял къагlидабаздасан, гlелмиялгун-техникиял бергьенлъабаздасан пайда босун хlалтlиялде кlвар кьей ва жалго мугlалимзабазул пикрабазухъ гlенекки, щай гурелъул «векьарухъанасда хур лъала, лъетlахъанасда гlор лъала»-ян абулеб кициялда рекъон, рахьдал мацlалъул хlакъикъияб ахlвал-хlал ва унти гьезда гlадин лъидаго бичlчlуларелъул.

Мурад буго нилъер магlарул халкъалъул букlинеселъул ургъел бугез данделъи кlвар гьечlого теларилан.

Хириял магlарулал! Хlакълъунго, цо Къоялъ киналъулго Ахир бачlуна – гьеб Аллагьасул хlукму буго, амма гьелде щвелалде магlарул миллат тlагlани гьеб нилъер кlваргьечlолъи буго. Тоге магlарулал миллат билизе!

Дагъистаналъул регионалияб жамгlият "Вацлъи"
Махlачхъала 2011 сон.

бокьани божа, бокьичlони божуге

Инсанасул лугбузул цохlо мегlер буго гьев хвезегlан чlечlого бижулеб.

Дунялалда бищунго кlудияб кlичlвалеб нус гьабуна Португалиялдаса Виргилио Раулица. Нус гьабулелъул кинабго хlалтlи квералъ гьабун буго.

Тlабигlаталъул хlикматал

11 сон бараб гьаб гlакдал логол борхалъи буго 83 см.

Фотофакт

Кигlан гьараниги гьумер хlадур гьабичlо Патlимат Махlмудоваль

МИЛЛАТ «МИЛЛАТАЛДА» КІАЛЪАЛЕБ БУГО

«Миллат» газеталъ спонсорлъиги гьабун Гъалбацlов витlе хlежалде, сапаралдаса репортажал хъвазе витlилелде Майсаратида дандбай гьевдай, Мущулисевдай витlун лъикlан.

8 938 202 67 49

(Нагагь Майсаратие бухьен гьабизе бокьани кьолеб буго номер, авторасда Аллагь гурхIайги).

* **

ДУМДялъул хlалтlухъабаз хlежалде унезе гьарулел ругел хиянатазул бице нуж миллаталъул тlалаб гьабулел чагlи ратани, макрабазул агьлуялъе Аллагьас ﷺ гьабила диван.

8963… ..02

Хlариб магlарде гlансал тlамун руго, Майсаратги Гъалбацlовги ахlулел руго цlоролдадаца гlазул гарал речlчlиялъул къецалде. Бергьаразе приз буго бархъалисезул пештероги, Айтберовасул тlехьги.

Жюриялъул бетlер

Дациев нужер къавулъ балъго хъвадарулев вугин рагlана, «Хlакъикъаталдаса» ралъдал тlинде арав «Миллаталъул» кlалтlа рещтlун рагlула.

8928 … .. 90

Саид Амировасул талихl буго даргиявлъун гьавун вати, магlарулав вукlаравани цевего Магlарулаз хъулухъалдаса инавулаан

8988 … .. 41

Гъалбацlовасул «Коммунизмалда» хадув гъезе кlварав цlалдолесе хасаб приз лъазабизе бегьилаан «Миллаталъ»

Хьиндалав

Гьел мухбирзаби Къажар базаразда ва жугьутl тукабахъ командировкаялде ритlичlого магlарул росабалъе ритlе «Миллаталъул» редактор.

8963 … ..40

Ватlаналъе гlоло чlвазе вас тарав Сталин какичlого, жидер васазе гlоло гlалам гъуризе хlадур ругел жакъасел хlакимал каке «Миллат»!

8928 … .. 73

Т. 8-905-476-56-65

Лъазабулеб буго подписка

«МИЛЛАТ» - МАГІАРУЛАЗУЛ ЖАМГІИЯБ ВА ПОЛИТИКИЯБ ГАЗЕТА

«Миллат» газеталъ щибаб рузман къоялъ магlарулазе рагьизе руго росабалъги, шагьараздаги, улкаялдаги ругел цlиял харбал, лъугьа-бахьинал, гьезда тlаса пикраби, бахlсал, машгьурал гlадамал ва гьезие санагlат гьечlел суалал, сапаралдаса хъвай – хъвагlаял, тарихалъул тlанчал ва ракlалдещвеязул щенолел цlадал, цlалдолезул пикраби, дандерижиял, кагътал, кучlдул ва кинабго миллаталда хурхараб щинаб рагьизе буго нужое магlарулазул цlияб, эркенаб «Миллат» газеталъ.

Миллаталъул милат гьабулев щивав магlарулав ахlулев вуго цlияб соналъе «Миллат» газеталъе подписка гьабизе ва гьелда тlаса пикраби загьир гьаризе. Нижер индекс: бащдаб лъагlалил 31169, лъагlалил 31172. Газета хъвазе бегьула киналго почтаялъул отделениязда ва Дагъпечаталъул киосказда.

Багьа: бащдаб лъагlалие – 240 гъурущ.
лъагlалие – 480 гъурущ

нилъер росаби

Бухтиб росу

МАГІАРУЛАЗУЛ ГАЗЕТА
Миллат

Учредитель:
Журналистский коллектив редакции

Главный редактор:
Магомед Бисавалиев

тел: 8-905-476-56-65

Редколлегия:
Зульфия Гаджиева
Газимагомед Галбацов
Патимат Гитинова
Закир Магомедов
Патимат Махмудова
Гамзат Дарбишгаджиев

Редакционный совет:
Умахан Великий
Имам Шамиль
Абдурахман Даниялов

Адрес: г. Махачкала, ул. Дзержинского, 17 б. 7 этаж, офис 4 а.

Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД.
Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 5-0105 июль 2011 г.

Газета отпечатана в ООО «Лотос», ул. Пушкина, 6.

Заказ № _______ Тираж 3000 экз.